

ENTÈDIKSYON VWAYAJ PREZIDAN TRUMP LA POU JEN 2025 LA

Limit responsabiltè nou: The Legal Aid Society krewe avè sa a. Avè sa a pa yon konsèy jiridik, epi li pa ranplase konsèy yon ekspè nan imigrasyon. Enfòmasyon ki nan dokiman sa a ajou nan dat vèsyon ki anba dokiman sa a, epi li gendwa sibi chanjman akòz litij.

Nan dat 4 jen 2025, Prezidan Trump te pibliye yon Pwoklamasyon ki gen tit Restriksyon sou Antre Sitwayen Etranje pou Pwoteje Eta zini Kont Teworis Etranje ak Lòt Menas pou Sekirite Nasyonal ak Sekirite Piblik. Sa a mete restriksyon sou vwayaj pou antre Ozetazini pou sitwayen ki soti nan diznèf (19) peyi: Afganistan, Bima/Myanma, Bouwoundi, Tchad, Repiblik Kongo, Kiba, Gine Ekwatòryal, Eritre, Ayiti, Iran, Lawos, Libi, Syera Leyòn, Somali, Soudan, Togo, Tikmenistan, Venezyela, ak Yemèn. Anplis sa, peyi Lejip la ap sibi konsiderasyon.

- **Dat Anvigè an**

- Entèdiksyon vwayaj la ap antre anvigè a 12:01am, nan fizò orè lès, nan dat 9 jen 2025.
- Gendwa gen pwosè pou konteste entèdiksyon vwayaj la. Òdonans tribinal nan pwosè sa yo ta ka bloke entèdiksyon an.
- N ap bay mizajou oswa klarifikasyon jan sa nesesè.

Entèdiksyon an fè diferans ant **imigran yo** (ki antre kòm rezidan pèmanan legal, oubyen moun ki gen kat vèt) epi **moun ki pa imigran yo** (ki antre pou yon peryòd tan limite, pa egzanp kòm vizitè oswa elèv):

Peyi	Viza Imigran (pou rezidans pèmanan, sa vle di kat vèt)	Viza pou moun ki pa imigran (pou moun k ap antre pou yon peryòd tan limite, pa egzanp kòm vizitè oswa etidyan)	Remak
Afganistan	Sispansyon total, eksepte fanmi pwòch* ak sèten imigran espesyal**	Sispansyon total	Viza espesyal pou imigran Afgan yo egzante.
Bima/Myanma	Sispansyon total, eksepte fanmi pwòch* ak sèten imigran espesyal**	Sispansyon total	
Bouwoundi	Sispansyon total, eksepte fanmi pwòch* ak sèten imigran espesyal**	Sispansyon pou viza B-1, B-2, B-1/B-2, F, M, ak J	Rediksyon validite lòt viza ki pou moun ki pa imigran yo
Tchad	Sispansyon total, eksepte fanmi pwòch* ak sèten imigran espesyal**	Sispansyon total	
Repiblik Kongo	Sispansyon total, eksepte fanmi pwòch* ak sèten imigran espesyal**	Sispansyon total	

Peyi	Viza Imigran (pou rezidans pèmanan, sa vle di kat vèt)	Viza pou moun ki pa imigran (pou moun k ap antre pou yon peryòd tan limite, pa egzanp kòm vizitè oswa etidyan)	Remak
Kiba	Sispansyon total, eksepte fanmi pwòch* ak sèten imigran espesyal**	Sispansyon pou viza B-1, B-2, B-1/B-2, F, M, ak J	Rediksyon validite lòt viza ki pou moun ki pa imigran yo
Lejip	(ap sibi konsiderasyon)	(ap sibi konsiderasyon)	
Gine Ekwateryal	Sispansyon total, eksepte fanmi pwòch* ak sèten imigran espesyal**	Sispansyon total	
Eritre	Sispansyon total, eksepte fanmi pwòch* ak sèten imigran espesyal**	Sispansyon total	
Ayiti	Sispansyon total, eksepte fanmi pwòch* ak sèten imigran espesyal**	Sispansyon total	
Iran	Sispansyon, eksepte fanmi pwòch* ak sèten Imigran Espesyal**	Sispansyon	Viza imigran pou minorite etnik ak relijye k ap konfwonte pèsèkasyon nan peyi Iran yo egzante.
Lawos	Sispansyon total, eksepte fanmi pwòch* ak sèten imigran espesyal**	Sispansyon pou viza B-1, B-2, B-1/B-2, F, M, ak J	Rediksyon validite lòt viza ki pou moun ki pa imigran yo
Libi	Sispansyon total, eksepte fanmi pwòch* ak sèten imigran espesyal**	Sispansyon total	
Syera Leyòn	Sispansyon total, eksepte fanmi pwòch* ak sèten imigran espesyal**	Sispansyon pou viza B-1, B-2, B-1/B-2, F, M, ak J	Rediksyon validite lòt viza ki pou moun ki pa imigran yo
Somali	Sispansyon total, eksepte fanmi pwòch* ak sèten imigran espesyal**	Sispansyon total	
Soudan	Sispansyon total, eksepte fanmi pwòch* ak sèten imigran espesyal**	Sispansyon total	
Togo	Sispansyon total, eksepte fanmi pwòch* ak sèten imigran espesyal**	Sispansyon pou viza B-1, B-2, B-1/B-2, F, M, ak J	Rediksyon validite lòt viza ki pou moun ki pa imigran yo
Tikmenistan	Sispansyon total, eksepte fanmi pwòch* ak sèten imigran espesyal**	Sispansyon pou viza B-1, B-2, B-1/B-2, F, M, ak J	Rediksyon validite lòt viza ki pou moun ki pa imigran yo
Venezuela	Sispansyon total, eksepte fanmi pwòch* ak sèten imigran espesyal**	Sispansyon pou viza B-1, B-2, B-1/B-2, F, M, ak J	Rediksyon validite lòt viza ki pou moun ki pa imigran yo
Yemèn	Sispansyon total, eksepte fanmi pwòch* ak sèten imigran espesyal**	Sispansyon total	

- Moun sa yo **pa** nan entèdiksyon vwayaj la:
 - Sitwayen ameriken;
 - Rezidan pèmanan legal (detantè kat vèt);
 - Moun ki gen viza imigran oswa viza ki pa pou imigran ki te bay anvan dat anvigè entèdiksyon vwayaj la (12:01am Fizo orè lès, nan dat 9 jen 2025);
 - benefisyè azil ak refijye;
 - moun yo te bay sispansyon pou yo pa ekspilse yo;
 - moun ki te jwenn pwoteksyon nan kad Konvansyon Kont Tòti a (CAT);
 - moun, ansanm ak manm fanmi derive yo, k ap chèche estati azil, estati refijye, sispansyon ekspilasyon, oswa pwoteksyon nan kad CAT;
 - moun ki gen doub nasyonalite k ap vwayaje ak paspò peyi ki pa deziyen an;
 - moun k ap vwayaje ak yon viza ki pa pou imigran ki valid nan klasifikasyon sa yo: A-1, A-2, C-2, C-3, G-1, G-2, G-3, G-4, NATO-1, NATO-2, NATO-3, NATO-4, NATO-5, oswa NATO-6;
 - nenpòt atlèt oubyen manm yon ekip atletik, ki gen ladan l antrenè, moun ki jwe yon wòl soutyen ki nesèsè, ak fanmi pwòch, k ap vwayaje pou koup dimond lan, jwèt olenpik yo, oubyen lòt gwo evènman espòtif jan Sekretè Deta a detèmine sa;
 - Li pa klè kijan sa a reyaji ak entèdiksyon pou atlèt transjanr yo, nan kad Seksyon 4(c) nan Dekrè Egzekitif pou *Anpeche Gason yo patisipe nan espò fanm yo*.
 - * viza imigran pou fanmi pwòch (IR-1/CR-1, IR-2/CR-2, IR-5) avèk prèv idantite ak relasyon famiyal klè e ki konvenkan (pa egzanp: ADN);
 - Men, nenpòt lòt manm fanmi an ta ka sibi entèdiksyon vwayaj la.
 - * moun yo adopte (IR-3, IR-4, IH-3, IH-4);
 - moun ki gen Viza Espesyal pou Imigran Afgan;
 - ** moun ki gen Viza Imigran Espesyal pou anplwaye gouvènman ameriken an; epi
 - moun ki gen viza imigran pou minorite etnik ak relijye k ap konfwonte pèsekisyon nan peyi Iran.
- **Eksepsyon** gendwa fèt sou yon baz chak dosye pou moun ki ka pwouve vwayaje Ozetazini:
 - ta ka sèvi yon enterè nasyonal esansyèl ki enplike Depatman Lajistis la, tankou patisipasyon nan pwosedi kriminel kòm yon temwen; oubyen
 - ta ka sèvi kèk lòt enterè nasyonal peyi Etazini.
- **Moun ki deja Etazini**
 - Entèdiksyon vwayaj la sanble limite sèlman antre fizik Ozetazini.
 - Sanble moun ki deja Ozetazini ta toujou kalifye pou ajisteman estati (viza imigran, oswa kat vèt) oswa chanjman estati soti nan yon kategori viza ki pa pou imigran pou ale nan yon lòt kategori.
 - Moun ki gen viza imigran ki deja Ozetazini (rezidan pèmanan, oubyen moun ki gen kat vèt) ki vwayaje aletranje ta dwe kapab retounen Ozetazini.
 - Moun ki gen viza ki pa pou imigran ki deja Ozetazini epi ki vwayaje aletranje ap sibi entèdiksyon an lè y ap eseye retounen Ozetazini.